



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TRAVAY POU REKONSEVWA PENN STATION LAN PREVWA KÒMANSE NAN MWA K AP VINI YO

*Avni Penn Station kòm yon enstalasyon klas mondyal ki vas pral jwenn anfas  
avèk kontra MTA pou konsepsyon ak enjeniri nouvo estasyon*

*Rekonsepsyon ki defini pou soulaje ankonbreman moun yo epi amelyore sekirite  
ak aksè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, an patenarya avèk NJ TRANSIT ak Amtrak, te apwouve yon kontra pou rekonsevwa Penn Station avèk yon antrepriz konjwent ke FXCollaborative Architects LLP ak WSP USA Inc. te dirije, avèk achitèk Britanik selèb John McAslan + Partners yo kòm achitèk kolaboratè. McAslan + Partners te konsevwa transfòmasyon Estasyon istorik King's Cross London an 2012, ki kreye yon koulwa depa semi-sikilè 165 koude (151 mè) ki entegre ray tren rejyonal ak entèminisipal yo youn ak lòt epi avèk metwo London nan pandan l ap resevwa limyè natirèl ki soti nan syèl la atravè 1,000 vitraj ak pano twati triyangilè ki translisid.

"Depi ekipaj yo te voye yon boul demolisyon nan Penn Station orijinal la an 1963, jenerasyon Nouyòkè yo te ini nan apèl yo pou konstwi yon nouvo estasyon ki diy pou New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou apwouve kontra pou rekonsepsyon Penn Station lan, nou fè yon lòt pa pi pre reyalizasyon li. Transfòmasyon Penn pa t ap ka rive ase bonè, epi nou espere konstwi yon estasyon klas mondyal ki mete Nouyòkè yo an premye, ki bay yon eksperyans transpò ki konsantre sou pasaje yo, ak yon gwo katye yo merite".

Antrepriz konjwent FXCollaborative ak WSP te elabore [Plan Direktè Penn Station ki te devwale ane pase](#) ki te evalye altènativ yo epi ki te kreye plan rekonsepsyon prefere a pou Penn Station kòm yon enstalasyon yon sèl nivo santre alantou yon gwo koulwa tren avèk yon espas antre syèl la klere ki gen 450 pye longè ant Madison Square Garden ak 2 Penn Plaza. Konsepsyon kontra MTA mande a pral fè avanse altènativ prefere sa a epi li pral:

- Soulaje ankonbreman moun epi amelyore sikilasyon pasaje yo epi oryantasyon

- Amelyore sekirite nan ogmante sòti ak aksè platfòm ak estasyon an
- Soulaje zòn sikilasyon ki sere, dekonekte yo avèk koulwa elaji ak plafon wo
- Kreye yon prezans klè nan lari ki entegre avèk alantou yo
- Maksimize lavant an detay ak lòt jenerasyon revni
- Entegre Penn Station avèk Moynihan Train Hall ak ekspansyon Penn Station ki prevwa a

**Janno Lieber, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, te deklare,** "Akòde kontra konsepsyon an se yon gwo pa an avan nan efò Gouvènè Hochul ap fè pou fè Penn Station - yon lòt fwa ankò! - yon enstalasyon transpò ki an sekirite ak klas mondyal. Travay la pral fèt sou yon kalandriye sere. Ouvèti Grand Central Madison nan kèk mwa sèlman ofri nou yon opòtinite inik nan syèk la pou rekonstwi Penn Station. Avèk yon gwo pousantaj pasaje LIRR ki ta dwe deplase vwayaj yo vè Grand Central Madison, Penn Station pral gen senk ane avèk volim kliyan pi ba anvan yon nouvo foul kliyan rive sou Metro-North Railroad dis 2027. MTA vle fè travay ki pi revolisyone anvan lè sa a, kidonk mwen kontan n ap avanse rapid avèk faz konsepsyon efò masiv epi ki te retade depi lontan sa".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Revitalizasyon Penn Station nou t ap tann depi lontan an pral yon gwo katalizè pou nouvo investisman ak devlopman nan kominote ki ozalantou li a, k ap benefisye rezidan yo, vwayajè yo ak vizitè yo. Antanke sant transpò piblik ki pi frekante nan peyi a, avni ekonomik rejyon nou an depann de Penn, epi chwazi yon ekip pou rekonsepsyon estasyon an se yon lòt etap enpòtan nan direksyon pou reyalize vizyon Gouvènè Hochul pou amelyore Penn ak domèn piblik ki alantou li a".

**Jamie Torres-Springer, Prezidan Konstriksyon ak Devlopman MTA, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou rekòmande yon ekip ki gen yon bon istorik nan konsepsyon pwojè ki atenn ekselans nan konsepsyon klas mondyal pandan sa ap amelyore sekirite ak konstriksyon, konsantrasyon inik nou an pandan n ap chèche finalman bay 600,000 pasaje Penn Station chak jou estasyon yo merite".

**Tony Coscia, ki se Prezidan Komite Amtrak la, te deklare,** "Etap sa a pote pasaje Amtrak, New York ak New Jersey, ak rezidan lokal yo pi pre yon nouvo Penn Station pou 21yèm Syèk la. Nan apiye sou amelyorasyon kontinyèl yo ki deja fèt nan Penn, efò konsepsyon sa a pral ede twa ray tren yo devlope yon plan komen, reyalis, ak posib pou rekonstwi Penn Station pandan y ap asire operasyon tren an kontinye epi kowòdinasyon konplè avèk investisman Pwogram Pasrèl (Gateway) yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Murphy pou lidèchip ak patenarya yo epi nou espere wè plis kolaborasyon pandan n ap transfòme New York Penn Station pou tounen yon estasyon tren modèn ak klas mondyal".

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Lè pou ranje Penn Station se kounye a, epi sa se yon etap enpòtan nan bon direksyon an. Vil New York merite yon sant transpò piblik 21yèm syèk la menm jan ak vil la, epi n ap pwofite opòtinite inik nan

jenerasyon an pou rekonstwi Penn Station ak revitalize katye a. Administrasyon nou an ap kontinye travay nan tèt kole ak patnè eta nou yo pou 'Reyalize Bagay yo'".

Rekòmandasyon pou antrepriz konjwent konsepsyon an swiv yon pwosesis demann pou pwopozisyon ouvè, konpetitif ki te pibliye anpil epi voye bay 106 konpayi pre-kalifye epi te atire senk pwopozisyon konpayi ak antrepriz konjwent ke reprezantan MTA Construction & Development te revize epi bay nòt, Amtrak, ak NJ TRANSIT, epi gen yon Komite Konsiltatif Teknik ki te ede avèk lòt reprezantan ki soti nan Long Island Rail Road, Empire State Development ak New York City Economic Development Corporation (Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York).

Kontra baz jiska 57.9 milyon dola ap devlope konsepsyon estasyon preliminè a epi l ap dire yon ane. Kontra sa a gen ladan opsyon ki kouvri konsepsyon preliminè pou amelyorasyon nan estasyon tren ki toupre yo ak sipò konsepsyon ak enjeniri pandan rekonstriksyon estasyon an ap avanse.

Konfòmeman ak pwogram agresif MTA nasyonal la pou ankouraje kwasans ak devlopman Antrepriz Komèsyal Defavorize (Disadvantaged Business Enterprises, DBE) sètifye, Depatman Divèsite ak Dwa Sivil MTA te asiye yon objektif DBE 22.5 pousan nan kontra a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418